# Kárxanahámshólkemler

*(2018 jıl yanvar-noyabr)*

2018 jıldıń yanvar-noyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında 2434 kárxanalar hám shólkemler jańadan ashılǵan. Bul bolsa ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 727 ge kóp.

Bunıń natiyjesinde usı jıldıń basına salıstırǵanda hárekettegi kárxanalar hám shólkemler sanı 1775 (12,9 %) ke ósken hámde olardıń ulıwma sanı 15484 ti quraǵan.

**Kárxana hám shólkemler sanı**

***(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa) birlikte***




Mámleketimizde qolay isbilermenlik ortalıǵın jedel rawajlandırıw boyınsha qatar unamlı ózgerisler ámelge asırılıp atır. Óz ornında isbilermenlik subektlerin mámleketlik diziminen ótkeriw hám esapqa qoyiw boyınsha da nızamshılıqta zárúrli qararlar qabıl etilip, mámleketlik diziminen ótkeriw hám esapqa qoyıwdı avtomatlastırılǵan sisteması basqıshpa-basqısh islep shıǵılıp, ámeliyatqa engizilip kelinbekte.

Bul bolsa xalıq hámde shet el investorlarınıń óz jeke biznesin jolǵa qoyiw hám rawajlandırıw ushın zárúrli faktor bolıp xızmet etip atır.

**Rayonlarlar kesiminde hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı**
***(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa) birlikte***




**Dizimnen ótken kárxanalar hám shólkemlerdıń**
**ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi,**
(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa, 2018 jıldıń 1 dekabr jaǵdayına)



Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha jámi hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń ulıwma sanına salıstırǵanda 20,4 % sawdada, 11,3 % sanaatta, 11,0 % qurılısta, 12,1 % awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında, 5,8 % jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde, 4,8 % tasıw hám saqlawda, málimleme hám baylanısta hámde den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde 1,9 % den hámde 30,8 % basqa xızmet túrlerine tuwrı keledi.

**Hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, ósiw dinamikası**
(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa) birlikte



## Dizimnen ótken hám hárekettegi kárxana hám shólkemlerdıń ósiw dinamikası

| | Dizimnen ótken | Hárekettegi | 2018-jıl 1 dekabr jaǵdayına | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Dizimnen ótken % | Hárekettegi % |
| | | | | |
| **QaraqalpaqstanRespublikası** | **15963** | **15484** | **100,0** | **100,0** |
| Ámudárya | 1163 | 1132 | 7,3 | 7,3 |
| Beruniy | 1319 | 1287 | 8,3 | 8,3 |
| Qaraózek | 458 | 455 | 2,9 | 2,9 |
| Kegeyli | 471 | 470 | 3,0 | 3,0 |
| Qońırat | 896 | 851 | 5,6 | 5,5 |
| Qanlıkól | 406 | 400 | 2,5 | 2,6 |
| Moynaq | 263 | 260 | 1,6 | 1,7 |
| Nókis | 671 | 649 | 4,2 | 4,2 |
| Taqıyatas | 459 | 440 | 2,9 | 2,8 |
| Taxtakópir | 302 | 291 | 1,9 | 1,9 |
| Tórtkúl | 1601 | 1493 | 10,0 | 9,6 |
| Xojeli | 804 | 756 | 5,0 | 4,9 |
| Shımbay | 608 | 589 | 3,8 | 3,8 |
| Shomanay | 383 | 375 | 2,4 | 2,4 |
| Ellikqala | 1005 | 996 | 6,3 | 6,4 |
| Nókis q. | 5154 | 5040 | 32,3 | 32,7 |

2018 jıl yanvar-noyabr aylarında 2434 kárxanalar hám shólkemler jańadan ashılǵan. Bul bolsa 2017 jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 42,6 % ke kóp. Eń kóp jańadan ashılǵan kárxanalar hám shólkemler Nókis qalasın (789 di), Tórtkúl (198 di), Ámiwdárya (175 ti) hám Beruniy (150 di) úlesine tuwrı keledi. Eń kem muǵdarı Taxtakópir (47 ni), Kegeyli (62 ni) hámde Moynaq (65 ten) rayonları úlesine tuwrı keledi.

## Aymaqlar boyınsha jańadan ashılǵan kárxanalar hám shólkemlerdiń sanı, birlikte




Egerde ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde kóretuǵın bolsaq eń kóp sanaatta (448 di), sawdada (422 ni), qurılısta (380 di) hám awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında (322 ni) quraǵan. Eń kemi den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetlerde (50 ti) hámde málimleme hám baylanısta (20 ni) quraǵan.

## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha jıllar kesimindegi sanı, birlikte

(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)

| | 2016 jıl 1 dekabr jaǵdayına | | | 2017 jıl 1 dekabr jaǵdayına | | | 2018 jıl 1 dekabr jaǵdayına | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Jámi | ótken jılǵa salıstır-ǵanda, % | jámine salıstır-ǵanda % | Jámi | ótken jılǵa salıstır-ǵanda, % | jámine salıstır-ǵanda % | Jámi | ótken jılǵa salıstır-ǵanda, % | jámine salıstır-ǵanda % |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1279** | **113,5** | **100,0** | **1707** | **133,5** | **100,0** | **2434** | **142,6** | **100,0** |
| awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında | 238 | 137,6 | 18,6 | 370 | 155,5 | 21,7 | 322 | 87,0 | 13,2 |
| sanaatta | 147 | 94,8 | 11,5 | 357 | 242,9 | 20,9 | 448 | 125,5 | 18,4 |
| qurılısta | 176 | 99,4 | 13,8 | 188 | 106,8 | 11,0 | 380 | 202,1 | 15,6 |
| sawda | 286 | 106,7 | 22,4 | 292 | 102,1 | 17,1 | 422 | 144,5 | 17,3 |
| tasıw hám saqlaw | 96 | 104,3 | 7,5 | 58 | 60,4 | 3,4 | 76 | 131,0 | 3,1 |
| jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde | 138 | 181,6 | 10,8 | 126 | 91,3 | 7,4 | 134 | 106,3 | 5,5 |
| málimleme hám baylanıs | 52 | 130,0 | 4,1 | 37 | 71,2 | 2,2 | 20 | 54,1 | 0,8 |
| den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiw | 24 | 120,0 | 1,9 | 42 | 175,0 | 2,5 | 50 | 119,0 | 2,1 |
| basqa xızmet túrleri | 122 | 96,8 | 9,5 | 237 | 194,3 | 13,9 | 582 | 245,6 | 23,9 |

## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xızmet túrleri kesimindegi sanı, birlikte




## Huquqıy túrleri klassifikatorı boyınsha hárekettegi kommerciyalıq kárxanalardıń ulıwma sanı
(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)

2018 jıl 1 dekabr jaǵdayına 12393 komerciyalıq kárxanalar hám shólkemler xızmet kórsetip atırǵan bolsa, sonnan jeke kárxanalar – 2995 di, shańaraq kárxanalar - 662 ni, juwapkershiligi sheklengen jámiyetler – 8392 ni hám basqalar - 344 dı quraydı.

## Huquqıy túrleri klassifikatorı boyınsha hárekettegi kommerciyalıq kárxanalardıń ulıwma sanı

(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)




## Sırt el kapitalı qatnasındaǵı kárxanalar sanı

2018 jıl 1 dekabr jaǵdayına hárekettegi sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı 116 nı quraydı. Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 39 ke yaǵnıy 50,6 % ke ósken. Sonday-aq sırt el kapitalı qatnasındaǵı hárekettegi kárxanalardan 69 qospa kárxanalar, 47 bolsa sırt el kárxanaları bolıp esaplanadı.

## Sırt el kapitalı qatnasındaǵı hárekettegi kárxanalar Jıllar dawamında ósiw dinamikası

| 64 | 77 | 116 |
|---|---|---|
| 01.12.2016 j. | 01.12.2017 j. | 01.12.2018 j. |

## Háreket kórsetip túrgan sırt el kapitalı qatnasındağı kárxanalar quramında qospa kárxanalar hám sırt el kárxanalardıń sanı, birlikte







Shet el kapitalı qatnasındağı kárxanalardıń tiykarğı bólegi Nókis qalası 21 (18,1 %), Moynaq rayonında 15 (12,9 %), Taqıyatas rayonında 11 (9,5 %), Kegeyli hám Nókis rayonlarında 9 (7,8 %), Qońırat rayonında 8 (6,9 %), úlesine tuwrı keledi. Eń kem shet el kapitalı qatnasındağı jańadan ashılğan kárxanalar Xójeli hám Ellikqala 3 (2,6%),Shomanay rayonında 2 (1,7 %) hám Tórtkúl rayonı 1 (0,9 %) úlesine tuwrı keledi. Bul bolsa usı rayonlarda shet el sherikleri menen birgelikte islesiwdi, investitsiyalardı tartıw barısında ámelge asırılıwı lazım bolğan jumıslardı jánede rawajlandırıwdı talap etedi.

Egerde hárekettegi shet el kapital qatnasındağı kárxanalardı ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde qaraytuğın bolsaq 2018 jıl 1 dekabr jağdayına bul kárxanalardıń tiykarğı bólegi sanaatta 56 (48,3 %), awıl, toğay hám balıq xojalığı 33 (28,4 %) hámde sawdada 16 (13,8 %) qurağan. Eń kemleri bolsa qurılısta 3 (2,6 %), den sawlıqtı saqlaw hám sociyallıq xızmetler kórsetiwde 2 (1,7 %), jasaw hám awqatlanıw hámde tasıw hám saqlaw 1 (0,9 %) qurağan. Kórinip turğanınday hárekettegi shet el kapitalı qatınasındağı kárxanalardıń tiykarğı bólegi sanaat hámde awıl, toğay hám balıq xojalığı xızmet túrlerine tuwrı keledi. Sonday-aq eń kem úlesi bolsa jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde, den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmet túrlerine hámde tasıw hám saqlaw túrlerine tuwrı keledi.

## Hárekettegi shet el kapital qatınasındağı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi, % te




2018 jıl yanvar-noyabr aylarında shet el kapitalı qatnasındaǵı dizimnen ótken jańa kárxanalardıń sanı 31 di quraǵan. Bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 17 ge kóbeygen.

Bunda, Qıtay Xalıq Respublikası – 10, Qazaqstan Respublikasında – 6, Pakistan Islam Respublikası - 4, Indiya Respublikası - 2,Rossiya Federatsiyası-1 hám basqa mámleketlerde 8 den jańadan kárxanalar dizimnen ótken.

## Jańadan ashılǵan sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń mámleketler kesimindegi sanı, (yanvar-noyabr jaǵdayına), birlikte




Jańadan ashılǵan sırt el kapitalı qatnasındaǵı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha kóretuǵın bolsaq, awıl,toǵay hám balıq xojalıǵında 15, sanaatta 11, sawdada 2, qurılısta, jasaw hám awqatlanıw boyinsha hámde den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetlerde 1 kárxanadan sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalar jańadan ashılǵan.

## Jańadan ashılǵan sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanı, ósiw dinamikası

| | 2017 jıl yanvar-noyabr | | | 2018 jıl yanvar-noyabr | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Jámi | Ótken jılǵa salıstırǵanda, % | Jámine salıstırǵanda % | Jámi | Ótken jılǵa salıstırǵanda, % | Jámine salıstırǵanda % |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **14** | **175,0** | **100,0** | **31** | **221,4** | **100,0** |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında, | 4 | 400,0 | 28,6 | 15 | 375,0 | 48,4 |
| Sanaatta | 8 | 133,3 | 57,1 | 11 | 137,5 | 35,5 |
| Qurılısta | | | | 1 | 0,0 | 3,2 |
| Sawda | | | | 2 | 0,0 | 6,5 |
| Tasıw hám saqlaw | 1 | 0,0 | 7,1 | | | |
| Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw | | | | 1 | 0,0 | 3,2 |
| Basqa xızmet túrleri | 1 | 0,0 | 7,1 | 1 | 100,0 | 3,2 |

## Kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı

2018 jıl 1 dekabr jaǵdayına hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń sanı 11892 ni quradı. Bul kórsetkish 2017 jıl 1 dekabr jaǵdayına qaraǵanda 13,1 % ke asqan. Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń tiykarǵı bólegi - 4194 (35,3 %) Nókis qalasında, - 1247 (10,5 %) Tórtkúl, - 1014 (8,5 %) Beruniy hámde 831 (7,0 %) Ámudárya rayonları úlesine tuwra keledi.

**kishi isbilermenlik subektlerdiń eń kóp úlesi**

- Nókis qalası 35,3 %
- Tórtkúl 10,5%
- Beruniy 8,5 %
- Ámudárya 7,0 %
- Ellikqala 6,3 %
- Qońırat 5,1 %
- Xojeli 4,7 %
- Nókis 4,3 %

**kishi isbilermenlik subektlerdiń eń kem úlesi**

- Shımbay 3,3 %
- Qaraózek 2,7 %
- Taqıyatas 2,6 %
- Kegeyli 2,5 %
- Qanlıkól 2,3 %
- Shomanay 2,1 %
- Taxtakópir 1,4 %
- Moynaq 1,4 %

Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde hárekettegi 11892 kishi kárxana hám mikrofirmalardıń 3148 (26,5 %) - sawdada, 1829 (15,4 %) - awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı, 1723 (14,5 %) - sanaatta, 1691 (14,2 %) - qurılısta, 899 (7,6 %) - jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawlarında, 743 (6,2 %) - tasıw hám saqlawda, 256 (2,2 %) - málimleme hám baylanıs tarawları, 210 (1,8 %) - den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde, sonday-aq 1393 (11,6 %) - basqa xızmet túrlerı úlesine tuwrı keledi. Kórinip turǵanınday, hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń tiykarǵı bólegi sawda hámde awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı xızmet túrlerine, qurılısqa hám sanaat xızmet túrlerine tuwrı keledi. Sonday-aq, eń kem úlesi bolsa den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler hámde málimleme hám baylanıs xızmet túrlerine tuwrı keledi.

**Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulesi, % te**



2018 jıl yanvar-noyabr aylarında 1995 kishi kárxana hám mikrofirmalar jańadan ashılǵan. Bul kórsetkish 2017 jıldıń usıdáwirine salıstırǵanda 27,4 % ke kóp. Eń kóp jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar Nókis qalasında (693), Tórtkúl rayonında (177), Ámiwdárya rayonında (143) hám Qońırat rayonlarında (117) ashılǵan. Eń kem Taxtakópir rayonında (30), Qanlıkól rayonında (42), hámde Kegeyli (47) rayonlarında ashılǵan.

Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde bolsa eń kóbi sanaatta (448), sawdada (422), qurılısta (380), awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında (320), quraǵan. Eń kemi bolsa málimleme hám baylanısta (20), den sawlıqtısaqlaw hám sociallıq xızmetlerde (49) quraǵan.

## Jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanı



## Shańaraq kárxanaları sanı

Mámleketlik dizimnen ótken yuridikalıq shańaraq kárxanalarınıń sanı - 2018 jıldıń 1- dekabr jaǵdayına 662 ni qurap, olardan 642 yamasa 97,0 % háreket kórsetpekte. Bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda mámleketlik dizimnen ótkenlerdiń hámde háreketttegilerdiń ulıwma sanı ortasha 29,4 % ke óskenligin aytıp ótiw lazım.

### Shańaraq kárxanalar sanınıń ósiw dinamikası, birlikte



Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde qaraytuǵın bolsaq shańaraq kárxanalardıń 29,4 % yamasa 189 jasaw hám awqatlanıw xızmetleri, 28,0% yamasa 180 sanaatta, 20,7 % yamasa 133 sawdada, 8,3 % yamasa 53 awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı, 2,2 % yamasa 14 den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw, 1,4 % yamasa 9 málimleme hám baylanıs, 0,6 % yamasa 4 qurılıs, 0,3 % yamasa 2 tasıw hám saqlaw hámde 9,1 % yamasa 58 kárxana basqa xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

**Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi, % da**




Eger ekonomikaliq iskerlik turleri kesiminde kórsek eń kóbi sanaatta hámde jasaw hám awqatlanıw xızmetlerinde, eń kemi qurılıs hámde tasıw hám saqlaw sıyaqlı iskerlik túrleri ulesine tuwri keledi.

**Statistikalıq registrlardı júritiw bólimi**
**Tel.:71-230-82-23(24)**